



## Department of Consumer Affairs

Fason pou ede biznis yo  
fonksyone byen avèk kliyan yo

Fason pou edike, otorize,  
ak pwoteje kliyan yo

Reyalizasyon ekselans nan livrezon  
pwogram ak sèvis inovatè

# Fason pou Edike, Otorize, ak Pwoteje Kliyan yo

## *W ap mande si yon biznis gen lisans kòrèk?*

DCA bay lisans pou plis pase 75,000 biznis nan 55 endistri. Pou tcheke si yon biznis gen lisans, **rele 311** (212-NEW-YORK deyò Vil Nouyòk) oswa fè rechèch nan Tchèk Lisans Imedyat nan sit wèb [nyc.gov/consumers](http://nyc.gov/consumers)

## *Ou gen yon pwoblèm avèk yon biznis? DCA kapab ede ou.*

Anplis biznis nou bay lisans, DCA kontwole anpil lòt endistri anba Lalwa Pwoteksyon Konsomatè. Chak ane, DCA resevwa anpil milye plent konsomatè ... epi li touche anpil milyon dola pou ranbouse ba konsomatè yo. Nou travay pou rezoud konfli yo nan medyasyon. Si medyasyon an pa bay bon rezulta, yon jij administratif kapab koute dosye a, oswa lè li nesesè, DCA ap pouswiv konfli a nan yon Tribunal Leta. Pou pote yon plent, nan sit wèb [nyc.gov/consumers](http://nyc.gov/consumers) oswa **rele 311**.

## *W ap debat pou gen kontwòl finans ou? DCA kapab ede ou pwoteje lajan ou.*

Biwo Otorizasyon Finansye DCA travay avèk plizyè patnè pou ofri pwogram ak sèvis gratis pou ou kontwole lajan ou epitou pou devlope lavni fanmi ou:

- **Sant Otorizasyon Finansye yo.** Jwenn konsèy finansye pwofesyonèl *gratis*, konfidansyèl, ak endividyèl nan lang Angle, Panyòl, Chinwa, ak Ris nan sant ki toupatou nan vil la.
- **Anyè Rezo Edikasyon Finansye.** Aksè nan klas edikasyon finansye gratis oswa pou yon pri ki ba, sesyon enfòmasyon, liy dirèk, ak sèvis konsèy nan sit wèb [nyc.gov/ofe](http://nyc.gov/ofe) avèk anyè anliy òganizasyon non-komèsyal vil la ki fasil pou chèche a.
- **Kont Vil Nouyòk SafeStart.** Kont labank debitnan sa a ki baze nan ATM pa gen frè pou balans negatif oswa frè pa mwa, epitou li disponib pou tout Nouyòkè yo.
- **Sèvis Preparasyon Taks Gratis** (pou moun ak fanmi ki kalifye).
  - Sant Volontè pou Asistans nan Taks sou Revni kapab ede ou reklame kredi taks ki ogmante ranbousman tankou Kredi Taks Revni Pwofesyonèl (EITC) ak Kredi Taks Gadri nan Vil Nouyòk (CCTC).
  - Ranpli fòm taks ou poukont ou nan [nyc.gov/taxprep](http://nyc.gov/taxprep)

Pou jwenn plis enfòmasyon, ale nan sit wèb [nyc.gov/ProtectYourMoney](http://nyc.gov/ProtectYourMoney) oswa **rele 311** epi poze kesyon sou pwogram ak sèvis sa yo.

## *Ki lòt fason DCA ap ede konsomatè yo?*

DCA ap batay pou novo lwa k ap pwoteje konsomatè ki nan monn enstab nou an. Nou rekòmande lejislasyon, pou yo òganize odyans publik, epitou pou yo kontribiye nan politik ak règleman nan chak nivo gouvènman an.

# Fason Pou Ede Biznis Yo

## Fonksyone Byen Avèk Kliyan Yo

### *Èske ou posede yon biznis nan Vil Nouyòk?*

#### *Ou ka bezwen yon lisans DCA.*

DCA bay lisans pou plis pase 75,000 biznis nan 55 endistri. Ale nan sit wèb **nyc.gov/consumers** epi klike sou Business Toolbox (Bwat Zouti Biznis) pou jwenn kondisyon pou lisans epi pou aplike pou yon lisans DCA anliy. Avèk Bwat Zouti Biznis lan, ou kapab tou:

- renouvle lisans DCA ou
- fè Mizajou nan enfòmasyon enpòtan biznis ou, tankou:
  - enfòmasyon kontak ou
  - non ak/oswa non biznis ou
  - enfòmasyon sou anplwaye siperyè sosyete ou
- mande ranplasman yon dokiman lisans DCA ki pèdi, yo vòlè oswa ki domaje
- aprann kichòy sou lòt biznis DCA kontwole ak sou lòt lisans ou ka bezwen

### *Èske ou gen kesyon sou responsabilite ou yo antan yon biznis?*

DCA vle tout biznis konnen fason pou yo trete kliyan yo san patipri. Avèk Bwat Zouti Biznis lan, ou kapab:

- jwenn ak aprann lwa ou bezwen konnen ak respekte
- telechaje modèl kontra DCA ak modèl resi, pano ki obligatwa, ak lòt modèl
- telechaje piblikasyon, konsèy ak FAQ (kesyon repetitif) ki enpòtan
- aprann fason pou rezoud plent kliyan

### *Kisa k ap pase si ou vyole lalwa?*

Chak ane, DCA fè anpil dizèn enspeksyon nan vil la. Si nou jwenn vyolasyon, ou ka resevwa yon amann oswa nou ka mande ou pou prezante pou yon odyans DCA nan tribinal, epi ou ka prezante avèk oswa san yon avoka. Anjeneral, jij la eseye ede jwenn yon akò. Avèk Bwat Zouti Biznis lan, ou kapab:

- aprann fason pou fè nan odyans administratif yo
- peye amann yo (avèk kat debi, kat kredi, oswa chèk elektwonik)

Ou kapab **rele 311** tou avèk kesyon sou lisans epitou pou mande piblikasyon DCA.

*Depatman Afè Konsomatè (DCA)  
Vil Nouyòk bay kliyan yo ak biznis  
yo otorizasyon pou asire yon espas  
mache ki san patipri ak dinamik.*



Bill de Blasio  
Mayor

**Department of  
Consumer Affairs**

Julie Menin  
Commissioner

42 Broadway | New York, NY 10004 | [nyc.gov/consumers](http://nyc.gov/consumers)

Si ou gen yon plent ki asosye ak kliyan, rele DCA nan 311 oswa (212) NEW-YORK.

Anplwaye Minisipalite Vil Nouyòk pa gen pèmisyon pou mande oswa pou aksepte anyen ki gen valè, tankou lajan, kado, oswa poubwa pou fè djòb yo. Pou rapòte koripsyon, kontakte Depatman Ankèt Vil Nouyòk nan sit wèb [www.nyc.gov/doi](http://www.nyc.gov/doi)



Enprime sou 30%  
papye resikle ki  
sèvi déjà